



Avi Endistri #23-03
Pou Pibliye Imedyatman

3/1/2023

David Do
Manm Komisyon/Prezidan
tlccommissioner@tlc.nyc.gov

Jason Kersten
Afè Piblik
press@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street
22nd Floor
New York, NY 10004

Avi: Peryòd Aplikasyon Pou Lisans Machin Elektrik (EV) Endividiyèl Ki Ap Kòmanse 15 Mas

Kòmanse 15 Mas 2023, 600 lisans Machin Pou Lwe (FHV) pral disponib pou machin elektrik yo (EVs). Lisans sa yo pral gen restriksyon pou chofè Komisyon Taksi ak Limouzin (TLC) ki pa gen yon Lisans FHV ki aktif nan moman an. Yo pa p ka transfere yo nitou distribiye yo sou premye sèvi. Lisans yo pral limite ak youn pou chak chofè.

Pou aplike pou youn nan 600 lisans EV yo, tanpri ranpli epi soumèt fòmilè Rapò Enterè a ki pral disponib sou sitwèb TLC nan lyen sa:
<https://www.nyc.gov/site/tlc/vehicles/get-an-electric-for-hire-vehicle-license.page>.

Tanpri revize lis rekòmandasyon anba pou asire ke ou respekte ekzijans yo pou ka soumèt fòmilè rapò enterè pou youn nan 600 lisans EV yo:

- Ou dwe gen yon lisans Chofè TLC ki aktif
- Ou pa ka gen yon lisans Machin Pou Lwe ki aktif
- Yon Nimewo Sekirite Sosyal ki valid (SSN) sou non w
- Yon imel adrès ki valid (*Imel sa pral itilize pou kominike avèk ou nan tout pwosesis aplikasyon an*).

Kou w soumèt fòmilè a, TLC pral revize l epi chofè ki elijib yo pral resevwa yon imel ak yon kòd otorizasyon ki inik ak enstriksyon sou kijan pou konplete pwosesis aplikasyon an. Kou chofè a resevwa imel kalifikasyon sou pwosesis aplikasyon an, chofè a ka achte yon EV. Chofè ki pa kalifye yo pral resevwa yon imel ki ap fè yo konnen ke yo pa kalifye.

Chofè ki kalifye yo pral gen 120 jou pou achte EV a epi kòmanse pwosesis aplikasyon an. Pwosesis sa ap kòmanse avèk chofè ki kalifye a epi ki afilye ak Baz ki gen Lisans TLC epi Baz la pral soumèt yon demand (yon Afimasyon Baz) bay TLC pou kòmanse pwosesis lisansman machin nan.

TLC ap antisipe ke fòmilè Rapò Enterè pou 400 lisans yo pou tout moun (san blyie chofè yo) pral disponib 29 Mas 2023 sou premye sèvi. Plis enfòmasyon sou 400 lisans EV sa yo pou tout moun pral disponib talè.

Kòmantè, kesyon, sigjesyon imel bay tlceexternalaffairs@tlc.nyc.gov